

## Ki kote mwen ka jwenn?

**Nan Famasi lokal ou a.** Genyen plizyè milye famasi kote ou ka jwenn naloxone san w pa pote yon preskripsyon. Tou depan de asirans ou, ka gen yon franchiz oswa kopeman pou medikaman sa a. Sepandan, Pwogram Copeman Naloxone nan New York (New York's Naloxone Copayment Program: N-CAP) pral garanti ko-peman jiska \$40 dola.

**Jwenn yon famasi N-CAP isit la:**



[www.health.ny.gov/diseases/aids/general/opioid\\_overdose\\_prevention/directories.htm](http://www.health.ny.gov/diseases/aids/general/opioid_overdose_prevention/directories.htm)

**Pwogram Prevansyon kont ovèdoz**

**Opyoyid** ki bay fòmasyon sou ovèdoz ak naloxone gratis isit la:



[providerdirectory.aidsinstituteny.org](http://providerdirectory.aidsinstituteny.org)

**Pami Pwogram Prevansyon ovèdoz**

**Opyoid yo** genyen pwogram echanj sereng Eta New York ki bay fòmasyon sou ovèdoz ak naloxone gratis ki disponib isit la:



[www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/prevention/needles\\_syringes/docs/sep\\_hours\\_sites.pdf](http://www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/prevention/needles_syringes/docs/sep_hours_sites.pdf)

**Yon pwogram lapòs nasyonal** pou moun ki pa gen asirans:



[www.naloxoneforall.org](http://www.naloxoneforall.org)

## Jwenn sipò

Se pa sèlman moun ki te fè eksperyans ovèdoz lan ki fè fas a yon evènman twomatik. Zanmi ak manm fanmi yo souvan santi yo jije paske yo pa anpeche ovèdoz la. Li enpòtan pou zanmi ak manm fanmi yo travay ansanm pou ede sivivan yon ovèdoz epi chèche sipò.

Òganizasyon sa yo bay sipò pou fanmi yo:

**OASAS k ap sipòte yon moun ou renmen nan rekiperasyon an:**



[oasas.ny.gov/recovery/supporting-loved-one-recovery](http://oasas.ny.gov/recovery/supporting-loved-one-recovery)

**NYS OASAS Family Support Navigators (FSNs):**



[for-ny.org/family-support-navigators/](http://for-ny.org/family-support-navigators/)

**Friends of Recovery New York:**



[for-ny.org/family-resources/](http://for-ny.org/family-resources/)

**Nar-Anon Family Groups:**



[www.nar-anon.org/](http://www.nar-anon.org/)



Department of Health

New York State  
nysp:Qc  
Perinatal Quality Collaborative



**Èske w konnen  
yon moun ki gen  
risk pou fè yon  
ovèdoz opyoyid?**

**Chache genyen  
yon Naloxone.**

**Sove lavi.**

## Kijan pou w sove yon vi.

Dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), 80% nan lanmò ki lakòz pa ovèdoz rive andedan yon kay! Si w konnen yon moun ki riske fè yon ovèdoz opyoyid oswa yon moun ki sèvi ak kokayin ak/oswa metanfetamin, ou ta dwe asire w ke w gen omwen de dòz naloxone ki pare pou w itilize.

## Kimoun ki gen risk?

- Moun ki te fè ovèdoz deja
- Moun ki te gen yon peryòd abstinans pou pran opyoyid, tankou ewoyin ak/oswa preskripsyon medikaman pou soulaje doule
- Moun ki pran gwo dòz opyoyid
- Moun ki pran lòt sibstans ak opyoyid
- Moun k ap pran opyoyid depi lontan

**Nenpòt moun ki sèvi ak dwòg ka gen risk pou yo fè yon ovèdoz!**



## Kisa naloxone ye?

Naloxone se yon medikaman ki senp pou bay—anjeneral jis yon ti gout nan nen—ki ranvèse ovèdoz ki lakòz pa opyoyid, ki gen ladan ewoyin, fentanyl, oksikodon ak kodeyin. Lè yo bay li a tan, naloxone retabli respirasyon pou li ka ranvèse ovèdoz sa yo.

## Èske li legal pou mwen pote ak itilize naloxone?

Wi. Ou pa bezwen yon doktè pou bay naloxone. Fanmi, zanmi, ak tout moun ki pa gen okenn konesans medikal ka bay medikaman sa a san danje.

## Reponn a yon ovèdoz.

Aji! Si w panse yon moun ap fè yon ovèdoz, swiv etap sa yo:

### 1. Rele 911.

Rele 911 epi swiv enstriksyon dispatcher a. Pa kite pè pou yo pa arete w anpeche w fè apèl sa a. **Lwa Bon Samariten New York la (New York's Good Samaritan Law) pwoteje moun ki fè ovèdoz ak nenpòt moun k ap ede yo nan yon ijans kont akizasyon ak pouswit pou posesyon dwòg.**

### 2. Bay naloxone.

Souke moun nan epi rele non yo pou reveye yo. Si yo pa reponn, ba yo yon dòz naloxone nan nen an. Mete pwent bouch la nan nen moun nan epi pouse ldesann. Ou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou w itilize naloxone la: <https://www.nyoverdose.org/Docs/12028.pdf>. Si premye dòz naloxone a pa fè moun lan respire nan de a twa minit, bay yon dezyèm dòz.

### 3. Rete ak moun nan.

Rete ak moun nan jiskaske èd medikal ijans rive. Si moun nan rete san konesans epi ou konnen kijan pou w pote sekou pou respirasyon oswa CPR, sèvi ak teknik sa yo. Si w pa fè sekou pou respirasyon oswa CPR, woule moun sou bò yo pou yo pa toufe. Si respirasyon an tounen nòmal, ankouraje moun ki fè ovèdoz la ale ak anbilans lan menm si yo santi yo pi byen.

## Rekonèt yon ovèdoz.

Sa yo se siy yon ovèdoz opyoyid:



Respirasyon lan oswa pa gen respirasyon




Moun lan pa fè okenn mouvman



Moun ki pa ka reveye



Ou ka tande son gagari oswa ronfle



Popyè ki piti



Po l frèt ak kolan



Lèv ak zong ki ble